



Depatman Edikasyon Eta Nouyòk  
Biwo Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal



**GID POU PARAN ELÈV K AP APRANN ANGLE  
NAN ETA NOUYÒK**

Chè Paran/Responsab,

Biwo Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal nan Depatman Edikasyon Eta Nouyòk la ap fè efò pou bay tout elèv ki pale yon lang ki pa angle lakay yo, aksè pou yo jwenn jistis ak bon jan edikasyon. Si pitit ou a pale yon lang ki pa angle lakay li, oswa li kòmanse aprann angle, pitit ou a ap vin bileng. Konpliman! Timoun ki bileng gen atou ak avantaj eksepsyonèl e yo ka jwenn gwo opòtinite pi devan. Depatman Edikasyon Eta Nouyòk valorize filozofi bileng lan, e yo eseye ofri pitit ou pi bon anviwònman li bezwen pou l devlope potansyèl lengwistik li.

Nou envite ou pou aprann pi plis sou pwogram edikasyonèl ki disponib pou elèv ki fèk enskri nan yon lekòl piblik e ki pa pale angle lakay yo, oubyen angle pa lang matènèl yo, e ki bezwen sipò pou yo devlope konpetans lengwistik nan lang angle. Yo rele elèv sa yo Elèv K ap Aprann Angle (ELLs an angle) oswa Elèv K ap Aprann nan Plizyè Lang (MLLs an angle). Nou rekonèt, elèv sa yo, se pa sèlman ladrès y ap devlope nan lang angle, men tou y ap kapab rive fonksyone nan de (2) lang, oswa nan sèten ka, nan plizyè lang.

Eta Nouyòk la se youn nan kote ki pi divèsifye onivo kiltirèl ak lengwistik nan lemonn paske gen plis pase 200 lang ki pale ozalantou li. Se yon gwo atou elèv nou yo genyen lè yo pale plizyè lang. Kidonk, pwogram edikasyonèl pou Elèv K ap Aprann Angle (ELLs an angle) nan Eta Nouyòk se itilize lang elèv yo pale lakay yo, oswa lang matènèl yo kòm resous pou asire tout elèv kapab rive nan yon nivo akademik ki trè wo.

Nan gid sa a, w ap jwenn enfòmasyon sou ki jan yo idantifye timoun kòm Elèv K ap Aprann Angle (ELLs an angle), kalite pwogram ki disponib pou yo, ki lè Elèv K ap Aprann Angle yo kapab kite Pwogram ki fèt pou ELLs, ki lè yo pa bezwen sèvis sa yo ankò, epi ki jan ou kapab jwenn plis enfòmasyon, materyèl ak resous nan lekòl piblik yo.

Nou kwè paran ak fanmi jwe yon wòl fondamantal nan chwazi pwogram ki apwopriye pou pitit yo onivo sosyal, kiltirèl, ak akademik. Nou kontan kolabore avèk ou e nou espere travay avèk ou nan pwosesis sa a.

*Nou swete ou pase yon bon ane an sante, ak yon bon ane akademik!*

Sincerely,  
Sensèman,



Angelica Infante-Green

*Komisè Asosye pou Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal  
Biwo Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal  
Depatman Edikasyon Eta Nouyòk*

# SA KI NAN GID LA

## Kesyon Moun Poze Souvan sou Lang Angle

Elèv K ap Aprann Angle (ELLs)	Paj 1
Enfòmasyon sou Pwogram yo	Paj 2
Edikasyon Bileng	
• Pwogram Bileng Tranzisyon	Paj 2
• Pwogram Anseyman nan de Lang: Yon Sans oubyen De Sans	Paj 2
Pwogram Angle Kòm Nouvo Lang	Paj 3
Move konsepsyon sou Elèv K ap Aprann Angle ak Elèv K ap Aprann Nan Plizyè Lang	Paj 5
Èske ou konnen? Reyalite sou tout aspè Bileng ak Edikasyon Bileng?	Paj 7
Patisipe nan Edikasyon Pitit ou	Paj 9
Resous pou Paran Elèv K ap Aprann Angle (ELLs an angle)	Paj 10



# KESYON MOUN POZE SOUVAN SOU ELÈV K AP APRANN ANGLE (ELLs)/ELÈV K AP APRANN NAN PLIZYÈ LANG (MLLs)

## Ki jan yo idantifye pitit mwen kòm yon Elèv K ap Aprann Angle (ELL)/Yon Elèv K ap Aprann Nan Plizyè Lang (MLL)?

Nan Eta Nouyòk, tout elèv ki fèk enskri lekòl ak elèv ki re-enskri apre de ane oblije ranpli yon Kesyonè sou Lang yo Pale lakay yo (HLQ an angle) \*.Kesyonè sa a dwe ranpli lè y ap enskri elèv la.

Atravè kesyonè sa a, ansanm ak yon entèvyou enfòmèl, yon pwofesè ki kalifye oswa lòt manm pèsònèl pwofesyonèl lekòl la, ap rive konnen ki lang ou pale lakay ou. Si kesyonè a ak entèvyou a montre lòt lang ou pale lakay ou a se pa angle, pitit ou a dwe pran yon Egzamen pou yo evalye nivo konpetans li nan angle. Egzamen sa a rele Egzamen pou Idantifye Elèv K ap Aprann Angle nan Eta Nouyòk (NYSITELL an angle).

Yo sèvi ak rezilta NYSITELL la pou yo evalye nivo pitit ou nan lang angle. Men diferan nivo yo: (Antre, Emèjans, Tranzisyon, Ekspansyon ak Metriz). Si pitit ou fè nòt Antre (Debitan), Emèjans (Entèmedyè Fèb), Tranzisyon (Entèmedyè), oswa Ekspansyon (Avanse), y ap idantifye li kòm yon Elèv K ap Aprann Angle (ELL). Elèv K ap Aprann Angle yo dwe resevwa sèvis Edikasyon Bileng (BE an angle) oswa sèvis Angle Kòm Nouvo Lang (ENL an angle). Si yon elèv fè nòt Metriz (Konpetan) yo pa konsidere li kòm yon Elèv K ap Aprann Angle ankò.

Rezilta NYSITELL yo ede pwofesè yo prepare yo pou bay elèv yo pi bon sèvis. Pwofesè yo sèvi ak enfòmasyon sa a pou yo idantifye konpetans ak bezwen elèv la nan angle, tandè, pale, li, ak ekri. Rezilta sa yo ede lekòl la pwograme kantite minit kou angle yon elèv dwe resevwa nan Angle kòm Nouvo Lang (ENL) chak semèn.

Pwosis idantifikasyon an dwe fèt avan lekòl ouvri, men yo pa dwe kite 10 jou pase apre elèv la enskri nan yon lekòl pou yo fè l.

Nivo	Deskripsyon Konpetans nan Lang Angle
<b>Antre</b> (Debitan)	Yon elèv ki nan nivo debitan demontre li bezwen bon jan sipò ak estrikti pou li devlope ladrès nan langaj akademik e li poko satisfè egzijans lengwistik ki nesèsè pou li demontre konpetans an angle nan diferan kontèks akademik.
<b>Emèjans</b> (Entèmedyè Fèb)	Yon elèv ki nan nivo emèjans bezwen sipò ak estrikti pou li devlope ladrès nan langaj akademik e li poko satisfè egzijans lengwistik ki nesèsè pou li demontre konpetans an angle nan diferan kontèks akademik.
<b>Tranzisyon</b> (Entèmedyè)	Yon elèv ki nan nivo tranzisyon demontre li plizoumwon endepandan nan devlope ladrès nan langaj akademik. Yon elèv ki nan nivo sa a poko satisfè egzijans lengwistik ki nesèsè pou li demontre li konpetan an angle nan diferan kontèks akademik.
<b>Ekspansyon</b> (Avanse)	Yon elèv ki nan nivo avanse demontre li gen bon jan endepandans nan devlope ladrès nan langaj akademik. Elèv ki nan nivo sa a pa lwen satisfè egzijans lengwistik ki nesèsè pou li demontre li konpetan an angle nan diferan kontèks akademik.
<b>Metriz</b> (Konpetan)	Yon elèv ki nan nivo konpetan demontre li satisfè egzijans lengwistik ki nesèsè pou montre li konpetan nan plizyè kontèks akademik. Yo pa konsidere elèv sa a kòm yon Elèv K ap Aprann Angle ankò.

\*Lekòl piblik nan vil Nouyòk sèvi ak Kesyonè pou Idantifye Lang yo Pale Lakay (HLIS an angle).

# KESYON MOUN POZE SOUVAN SOU ELLs/MLLs

## (kontinye)



### Enfòmasyon sou Pwogram yo

#### Ki pwogram ki disponib pou Elèv K ap Aprann Angle?

Aktyèlman, Eta Nouyòk ofri de (2) modèl pwogram yo apwouve pou Elèv K ap Aprann Angle nan distri eskolè eta a:

1. Edikasyon Bileng
  - Pwogram Edikasyon Bileng Tranzisyon (TBE an angle)
  - Pwogram Ansèyman nan De Lang: yon Sans oswa De Sans (OWDL/TWDL an angle)
2. Pwogram Angle kòm Nouvo Lang (ENL an angle) (lontan pwogram sa a te rele Angle kòm Dezyèm Lang, oswa ESL an angle)

Toude modèl pwogram sa yo la pou yo sipòte siksè akademik ELLs yo, men kantite tan elèv yo pase ap etidye nan lang matènèl yo ak nan angle diferan nan chak modèl. Paran gen dwa chwazi pou yo mete pitit yo nan yon Pwogram Edikasyon Bileng Tranzisyon, oubyen nan yon Pwogram Ansèyman nan De Lang: yon Sans oswa De Sans, oswa nan yon Pwogram Angle kòm Nouvo Lang. Si pwogram sa yo pa disponib nan lekòl la, ou kapab mande pou yo transfere pitit ou nan yon lekòl ki genyen pwogram ou chwazi a. ELLs ki nan Pwogram Edikasyon Bileng Tranzisyon oswa nan Pwogram Ansèyman nan De Lang: yon Sans oswa De Sans, oblije resevwa menm kantite inite enstriksyon nan Angle Kòm Nouvo Lang (ENL) ak yon elèv ki nan modèl pwogram ENL. Ominimòm, ELLs yo sipoze resevwa enstriksyon nan ENL. Pou plis enfòmasyon ale nan sit sa a:

<http://www.p12.nysed.gov/biling/docs/Nowithdrawaloptionmemo.pdf>

### Edikasyon Bileng

#### Pwogram Bileng Tranzisyon

*Pwogram Bileng Tranzisyon* pèmèt elèv ki pale menm lang matènèl aprann pale, konprann, li ak ekri angle pandan y ap kontinye aprann matyè akademik yo nan lang matènèl yo. Yo itilize lang matènèl elèv yo nan klas pou ede yo avanse nan domèn akademik nan tout matyè debaz yo pandan y ap aprann angle. Objektif Pwogram Bileng Tranzisyon an (TBE) se pou pèmèt elèv yo fè tranzisyon pou y al nan yon klas monoleng san sipò adisyonèl depi yo rive nan nivo konpetans yo mande a. Menmsi yo kontinye ogmante kantite ansèyman yo bay an angle, pwogram TBE an ap kontinye bay sipò nan lang matènèl la pou pèmèt yo devlope konpetans nan toude lang yo pou yo vin bileng.

#### Pwogram Ansèyman nan De Lang: Yon Sèl Sans Oswa De Sans

Pwogram sa a fèt pou ede elèv ki pale angle kòm lan maltèl yo ansanm ak elèv K ap Aprann Angle pou yo vin bileng (kapasite pou pale kourammam nan de lang), bialfabèt (kapasite pou li ak ekri nan de lang). Pwogram sa a fèt tou pou ede elèv yo devlope konpetans diferan kilti ak konpetans akademik menm jan ak elèv yo ki pale angle.

*Nan Pwogram Ansèyman nan De Lang: Yon Sèl Sans* gen elèv ki pale menm lang matènèl oswa ki gen menm istwa. Pwofesè a dwe anseye nan toude lang yo, angle ak lang matènèl la.

*Nan Pwogram Ansèyman nan De Lang: De Sans* gen elèv ki pale angle kòm lang matènèl yo, ansanm ak elèv k ap aprann angle. Pwofesè a oubyen pwofesè yo anseye nan toude lang yo, angle ak lang matènèl la. Nan pifò Pwogram De Lang, mwaye ansèyman an fèt nan lang matènèl elèv ki pa pale angle, lòt mwaye a fèt nan lang y ap aprann lan. Tou depan modèl pwogram la, pousantaj ansèyman an angle ak pousantaj ansèyman ki fèt nan lòt lang yo kapab varye. Pa egzanp, nan modèl 90%-10% lan, pifò tan ansèyman an fèt nan lang ki pa angle a, men ofiramezi, yo ogmante kantite tan yo anseye an angle modèl la vin rive mwaye-mwaye 50% - 50%. Objektif pwogram sa a se pèmèt elèv yo devlope konpetans nan lekti, ekriti ak lang yo pale lakay yo ni lang y ap aprann lan.

\* *The target language se lang lang elèv yo ap aprann.*

# KESYON MOUN POZE SOUVAN SOU ELÈV K AP APRANN ANGLE (ELLS) (kontinye)

## Eske pitit mwen ap aprann angle si li pale lang matènèl li souvan?

Anpil moun ken enkyetid paske yo panse si pitit yo ap aprann nan de (2) lang y ap gen konfizyon. Rechèch ki fèt pandan plis pase 30 ane montre pa gen okenn konfizyon nan langaj timoun yo. An reyalyte, fason ki pi efikas pou elèv la devlope ladrès nan angle, se lè l pale lang matènèl li. Anplis, elèv ki bileng devlope yon sèvo ki fleksib ak yon seri ladrès entelektyèl ki ede yo aprann pi byen. Nan Pwogram Ansèyman nan De Lang: Yon Sèl Sans osnon De Sans, yo separe lang yo itilize pou anseye yo. Sa vle di, elèv yo gen sèten lòt oubyen sèten jou pou yo itilize chak lang. Lè paran gade pwogram sa yo, yo pa wè okenn konfizyon, okontrè yo wè yon sitiyasyon ki fasilite devlopman bileng elèv yo. Rechèch ki fèt montre, rive laj dizan, timoun ki nan pwogram De Lang: Yon Sans osnon De sans kapab pèfòme nan menm nivo oswa nan nivo ki pi wo pase yon elèv monoleng.

## Ki kalite devwa ak aktivite mwen dwe atann mwen wè nan yon Pwogram Bileng?

Elèv yo resevwa yon pati nan ansèyman yo nan lang angle, epi yon pati nan lang matènèl yo, men kourikoulòm lan se menm kourikoulòm yo sèvi nan klas monoleng yo. Elèv yo devlope konesans nan matematik, syans, kominikasyon ak literati, ak syans sosyal nan toude lang yo tou depan de modèl pwogram lan suiv. Yon timoun ki bileng e ki bialfabèt kapab pale, li ak ekri nan de (2) lang, angle ak lang matènèl li. Lè yon elèv konpetan nan yon lang, li kapab transfere konpetans sa a nan yon dezyèm lang.

## Pwogram Angle kòm Yon Nouvo Lang

Yo te konn rele pwogram sa a Anglè Kòm Dezyèm Lang (ESL an anglè). Ansèyman nan pwogram sa a mete aksan sou devlopman elèv yo nan lang angle. Nan pwogram ENL la, yo sèvi ak estrateji pou ansèyman ENL pou yo anseye kominikasyon ak matyè debaz yo an anglè. Gen sèten nan matyè debaz yo yo anseye kòm kou ENL entegre. Elèv yo resevwa enstriksyon nan matyè debaz yo ak nan lang angle. Yo itilize lang matènèl elèv yo kòm sipò pedagojik pou ede yo devlope konpreyansyon an angle. Se yon pwofesè ki kalifye ni nan matyè a ni nan ENL ki anseye kou ENL entegre yo, oswa se de pwofesè ki anseye kou yo, youn kalifye pou l anseye matyè a, lòt la kalifye pou l anseye ENL. Nan yon klas ENL ki fèt poukont li, se yon pwofesè ki lisansye nan Eta Nouyòk la ki pou anseye Elèv ki Pale Lòt Lang (English to Speakers of Other Languages-ESOL), ki anseye elèv yo angle. Pwofesè a anseye pou pèmèt elèv yo devlope ladrès yo bezwen nan lang angle a pou yo gen siksè nan aprantisaj matyè debaz yo. Pwogram sa a se pou elèv “ELL” ki pale diferan lang e sèl lang yo gen an komen se angle. Kidonk yo pa kapab patisipe nan yon pwogram bileng.

## Ki diferans ki genyen ant pwogram sa yo?

Pwogram nan De Lang yo anseye nan de lang. Objektif pwogram sa a se ede elèv yo devlope konpetans nan de lang pou yo vin bileng. Objektif prensipal Pwogram Edikasyon Bileng Tranzisyon se pou asire elèv yo metrize ladrès ak konesans akademik ki apwopriye pou nivo klas y ap fè a, epi itilize lang matènèl elèv la pou fasilite pwosesis aprantisaj angle. Nan klas modèl Angle Kòm Nouvo Lang (ENL) la, ansèyman fèt plis an angle e yo itilize lang matènèl la kòm sipò. Tanpri gade tablo nan paj anba a ki konpare diferan modèl pwogram yo.

# KESYON MOUN POZE SOUVAN SOU ELÈV K AP APRANN ANGLE (ELLs) (kontinye)

<b>Lang yo itilize</b>	An jeneral, 50% angle ak 50% lang matènèl la oswa lang y ap aprann lan oubyen 90% lang y ap aprann lan ak 10% angle, pousantaj la chanje firamezi pou rive 50%-50%. (Pousantaj la varye toudepan modèl pwogram lan.)
<b>Objektif</b>	Bialfabètizasyon ak bilengwis an angle ak nan lang matènèl
<b>Lang yo itilize</b>	Itilizasyon lang matènèl la diminye firamezi ou itilize plis angle
<b>Objektif</b>	Yo itilize lang matènèl elèv la pou l kontinye aprann lòt matyè pandan l ap aprann angle
<b>Pwogram Angle Kòm yon Nouvo Lang</b>	
<b>Lang yo itilize</b>	Angle sitou (yo itilize lang matènèl la kòm sipò pou fasilite aprantisaj angle)
<b>Objektif</b>	Sipòte ELLs yo pandan y ap fè pwogrè pou yo vin konpetan nan angle

## Ki jan mwen kapab aprann plis sou pwogram akademik pou pitit mwen?

Nan eta Nouyòk, lekòl yo dwe òganize oryantasyon pou fanmi ELLs ki fèk enskri pou bay paran ak responsab legal elèv yo enfòmasyon sou diferan pwogram ELL ki disponib nan lekòl yo oswa nan distri yo. Nan oryantasyon an, ou ap resevwa enfòmasyon ak dokiman nan lang matènèl ou sou pwogram lekòl la genyen, ak nòm yo, ansanm ak enfòmasyon sou pwogram “ELLs”. Ou ap kapab poze kesyon sou sèvis pou ELLs yo avèk èd yon entèprèt, si ou bezwen youn. Nan fen oryantasyon an, ou ap ranpli yon fòm ki rele Oryantasyon pou Paran Elèv k ap Aprann Angle “ELL Parent Orientation Checklist”. Fòm sa a, se pou konfime ou resevwa enfòmasyon nesèsè pou kapab pran desizyon pou pitit ou. Anplis, y ap ba ou yon fòmilè Plasman pou Elèv k ap Aprann Angle (ELL Student Placement Form), k ap pèmèt ou pran desizyon final sou sèvis ou ta vle pitit ou resevwa. Enfòmasyon sa yo ap disponid nan lang matènèl ou.

## Ki lè pitit mwen kapab soti nan pwogram pou ELL?

Gen kat fason ELLs kapab soti nan pwogram ki fèt pou ELLs:

<b>Klas Jadendanfan – 12èm ane</b>	Pitit ou fè nòt nan nivo Metriz/nivo Konpetan nan Egzamen Eta Nouyòk la pou Evalye Elèv K ap Aprann Angle Kòm Dezyèm Lang (NYSESLAT)
<b>Klas 3èm–8èm ane</b>	Pitit ou fè nòt nivo Ekspansyon/nivo Avanse nan NYSESLAT ak nòt 3 oswa plis nan Egzamen Eta Nouyòk nan Lang Angle (ELA an angle) nan menm ane an
<b>Klas 9èm- 12èm ane</b>	Pitit ou fè nòt Ekspansyon/Avanse nan NYSESLAT ak nòt 65 oswa plis nan Egzamen Ridjens angle nan menm ane an
<b>ELLs ki gen yon Andikap</b>	Yo pral itilize yon lòt metòd evalyasyon pou detèmine konpetans lengwistik “ELLs” ki gen andikap yo. (Annatandan pèmisyon)

Depi yon ELL soti nan pwogram ki fèt pou li a, yo konsidere l kòm yon ansyen ELL. Ansyen ELL yo gen dwa pou yo resevwa de ane sèvis sipò pou elèv ki nan kategori ansyen ELL yo.

# MOVE KONSEPSYON SOU ELÈV K AP APRANN ANGLE AK ELÈV K AP APRANN NAN PLIZYÈ LANG (ELLs/MLLs an angle)

## Move konsepsyon #1: Pifò ELLs fèt andeyò peyi Etazini (US).

Gen plis pase 215,000 Elèv k ap Aprann Angle (ELLs) soti nan laj 5 an rive nan laj 18 an ki nan lekòl nan Eta Nouyòk. Pami yo, 61.5% fèt Ozetazini, US, dapre Sistèm Depo Enfòmasyon 2013-2014 Eta Nouyòk (SIRS an angle).

## Move konsepsyon #2: Nan tan lontan, imigran yo te reyisi san pwogram Angle kòm Nouvo Lang (ENL) e san Edikasyon Bileng.

Ak tan yo ki chanje, kounye a yon moun ki bileng gen anpil valè. Elèv yo anfas yon mache travay ki mande plis konpetans akademik pase tout tan avan yo. Lè Eta Nouyòk vin adopte Nòm de Baz Komen parapò ak estanda pou kominikasyon nan lang angle, sa mande pou elèv yo devlope ladrès langaj nan yon pi wo pou yo ka fè konpetisyon nan ekonomi mondyal la. Kòm elèv yo rive isit avèk yon konesans nan lang matènèl yo, edikatè yo dwe sèvi ak konesans sa a pou yo devlope konesans akademik ak ladrès elèv yo epi yo dwe prepare yo pou kolèj ak karyè.

## Move konsepsyon #3: Depi ELL yo kapab fè yon konvèsasyon an angle, yo kapab gen siksè akademik.

Byenke ELL yo ka rive pale langaj sosyal an angle nan espas twazan, li ka pran jiska sètan (7) pou yon ELL devlope konpetans akademik nan angle. Nivo konesans ak nivo alfabetizasyon yon elèv nan lang matènèl li gen yon efè sou kantite tan l ap pran elèv la pou li fonksyone onivo akademik an angle.

## Move konsepsyon #4: Elèv ki reyisi yon egzamen konpetans nan lang angle tankou Egzamen Idantifikasyon pou Elèv k ap Aprann Angle nan Eta Nouyòk (NYSITELL), oubyen Egzamen pou Evalye Elèv k ap Aprann Angle Kòm Dezyèm Lang (NYSESLAT) sa vle di elèv la gen konpetans ase nan angle pou li reyisi lekòl.

Elèv ki konpetan nan angle ka toujou bezwen sipò ak asistans ak/ oswa sipò pedagogik nan klas. Pati 154 Règleman Komisè a mande distri eskolè yo pou bay elèv ki pa nan estati ELL ankò sèvis pandan dezan apre yo fin soti nan pwogram ELL la. Anplis, pandan menm dezan sa yo, ansyen elèv ELL yo ka kontinye resevwa akomodasyon pou tès ELL.

## Move konsepsyon #5: Pou ELLs yo reyisi lekòl, yo dwe entegre yo vit nan kilti peyi a.

Olye pou “pèdi pou genyen” ELLs yo dwe fè koneksyon ant sa k ap pase nan klas yo ak pwòp esperyans kiltirèl yo pou yo kenbe idantite yo pandan y ap aprann nouvo kilti a. Pwofesè yo dwe sèvi ak sa elèv yo konnen deja pou montre yo nouvo konsèp. Lè pwofesè valorize diferan eksperyans kiltirèl yo nan yon klas, li ogmante kalite edikasyon an pou tout elèv.

## Move konsepsyon #6: Si timoun yo ap tande angle ak lang matènèl yo lakay yo, sa ap kreye pwoblèm langaj ak reta nan aprantisaj lang.

Non se pa vre. Sa pa poze okenn pwoblèm langaj, ni sa pa bay reta nan development langaj timoun lan. Li enpòtan pou paran pale ak pitit yo nan lang yo pale pi byen an. Sèvo moun gen anpil kapasite pou l aprann plizyè lang an menm tan. Ofèt, lè yon timoun aprann de lang anbazay, sa fòtifye kapasite entelektyèl li. Lè yon moun bileng, sa ba li plis avantaj akademik ak avantaj ekonomik nan ekonomi mondyal la.



# MOVE ENFÒMASYON SOU ELÈV K AP APRANN ANGLE AK ELÈV K AP APRANN NAN PLIZÈ LANG (ELLs/MLLs (kontinye)

## **Move konsepsyon #7: Yo dwe dekouraje elèv yo pale lang matènèl yo/lang yo pale lakay yo nan lekòl.**

Lè lekòl yo ankouraje elèv yo sèvi ak lang matènèl yo, sa ede yo aprann pi byen, e sa fè yo patisipe pi plis nan klas. Patrik sa a gen yon efè pozitif sou elèv yo, li fè yo valorize e renmen tèt yo.

## **Move konsepsyon #8: Lè elèv yo tranpe nan lang angle a tout lajounen, sa pèmèt yo aprann angle pi vit.**

Ansèyman nan lang matènèl yon elèv fasilite aprantisaj lang angle a. Elèv yo bezwen yon bon fondasyon nan lang matènèl yo pou yo gen siksè nan aprantisaj lang angle a. Pwogram Ansèyman nan De Lang yo itilize yon apwòch pedagogik ki efikas, ki sipòte devlopman dezyèm lang lan, ansanm ak konesans nan matyè debaz yo. An menm tan, pwogram sa a pèmèt timoun lan kenbe lang matènèl li.

## **Move konsepsyon #9: Yo dwe montre ELL yo li angle depi yo kòmanse nan pwogram lan.**

Dapre rechèch ki fèt, yon moun ka transfere ladrès li gen nan lekti soti nan yon lang al nan yon lòt lang. Elèv ki aprann li nan lang matènèl yo an premye ap kapab devlope bon jan ladrès nan lekti an angle.

Enfòmasyon sa a sòti nan: *Debunking the Myths of English Language Learners*, New York State United Teachers Research and Educational Services, 2015.



Enfòmasyon ki anba yo se enfòmasyon enpòtan ki baze sou rechèch sou moun ki bileng ak sou edikasyon bileng. Yon moun ki bileng, gen anpil avantaj onivo entelekyèl, onivo sosyal, ak onivo pwofesyonèl:

- Evidans ki sòti nan plizyè etid sijere sèvo yon moun ki bileng fonksyone pi byen nan diferan domèn tankou planifikasyon, rezoud pwoblem ak fè yon seri travay nan sitiyasyon ki mande anpil efò mantal.
- Elèv ki bileng montre yo gen bon jan kapasite pou yo kontwole anviwònman yo epi konsantre sou sa y ap fè a.
- Edikasyon bileng pran ankont yon seri pratik kiltirèl epi ankouraje devlopman sosyal pami elèv yo.
- Elèv ki nan Pwogram Bileng yo fyè de idantite yo ak lang yo; kon sa kilti yo reprezante, e moun respekte kilti yo.
- Moun ki bileng gen yon avantaj pwofesyonèl. Nan yon sosyete deplizanpli global, kapasite pou pale ak ekri nan plizyè lang vin gen anpil vale nan mache travay la.
- Lè ou li pou pitit ou nan lang matènèl li, se yon bon pratik e li efikas tou. Li gen yon efè pozitif sou devlopman akademik pitit ou.

Akademi Ameriken Pedyatri\* resamman andose yon rapò sou politik sosyal sou timoun ki pale plizyè lang. Rapò a fè sentèz anpil rechèch ki baze sou evidans ki soti nan diferan domèn tankou lamedsin, sikoloji, edikasyon ak lengwistik. Dapre rapò a, moun ki pale plizyè lang gen yon avantaj nou dwe apresye e nou pa dwe dekouraje timoun yo pou yo aprann pale plizyè lang. Pou plis enfòmasyon ale nan sit sa a:

<http://pediatrics.aappublications.org/content/133/5/e1481.full>

\* Published online April 28, 2014. *Pediatrics* Vol. 133, No. 5, May 1, 2014.



# ESKE OU KONNEN? REYALITE SOU MOUN KI BILENG AK EDIKASYON BILENG (kontinye)

## Move konsepsyon #1: Pitit mwen ap gen konfizyon ak de lang.

- Lè timoun aprann de lang an menm tan, sa pa mete konfizyon nan tèt yo. Timoun ki leve nan yon aviwònman kote yo bay toude lang yo valè ap gen sèten avantaj onivo entelektiyèl, onivo sosyal ak onivo ekonomik.
- Sèvo timoun ki nan yon anviwònman kote yo pale plizyè lang gen plis tisi nan rejyon nan sèvo a ki kontwole langaj, memwa ak atansyon.
- Timoun ki konnen plizyè lang gen plis kontwòl onivo egzekitif (sa ede ak planifikasyon, memorizasyon, jan timoun adapte yo nan nouvo sitiyasyon, jan timoun reziste devan tantasyon, e yo gen pi bon ladrès lè y ap aprann li ak ekri nan ti klas yo.

## Move konsepsyon #2: Timoun bileng ki melanje mo yo pa gen bon ladrès lengwistik.

- Timoun ki bileng “ki melanje lang yo” pa gen pwoblèm. Yo senpman ap itilize resous lengwistik yo. Devlopman lengwistik yon moun se yon pwosesis dinamik ki pran toude lang yo an konsiderasyon. Pi gwo resous ELLs yo genyen, se lang matènèl/lang yo pale lakay yo, e yo itilize l toutotan y ap aprann angle.

## Move konsepsyon #3: Pitit mwen p ap aprann angle si l ap plede tande yon lòt lang.

- Dapre rechèch ki fèt, pi bon fason pou aprann yon dezyèm lang se pou pase pa premyè lang lan. Elèv ki nan pwogram bileng yo degaje yo pi byen ofiramezi y ap aprann li ak ekri nan de lang yo, e y ap resevwa sipò yo bezwen nan men pwofesè ak edikatè ki kalifye pou ede elèv yo reyisi nan toude lang yo.

## Move konsepsyon #4: Pitit mwen ap aprann angle pi vit si se angle sèlman li tande.

- Daprè rechèch ki fèt, elèv yo anseye nan lang matènèl yo aprann angle pi vit. Yo transfere konesans yo genye nan lang matènèl la nan lòt lang y ap aprann lan. Ofèt, aprann li nan lang matènèl fasilite bon jan rannman nan lekti an angle.  
(Rapò sa a soti nan [National Reading Panel: Teaching Children to Read, 2006.](#))

Moun ki bileng gen anpil avantaj, jan jounal *New York Times* di li “Lè yon moun bileng, sa ran li entelijan”. (Pou ki sa moun ki bileng entelijan, jounal *New York Times*, 2012) ([Why Bilinguals are Smarter, NYT, 2012](#))

Nan paj 2-4, w ap jwenn bon jan enfòmasyon sou chak modèl pwogram Eta Nouyòk genyen pou ELLs.

# PATISPE NAN EDIKASYON PITIT OU

## Kijan paran/gadyen legal elèv yo kapab ba yo sipò?

- Li pou pitit ou nan lang matènèl li/lang ou pale lakay ou ak/oswa angle. Rechèch yo fè demontre lè ou li pou pitit ou nan lang ou pale lakay ou, sa ede li devlope ladrès nan lan angle.
- Rakonte pitit ou istwa nan lan matènèl/lang ou pale lakay ou. Pale li sou lè ou te timoun oswa sou bagay ou sonje lè ou te piti.
- Montre pitit ou ki jan ou apresye lang matènèl ou/lang ou pale lakay ou. Pale ak li nan lang sa a menm si li reponn an angle.
- Pran yon kat bibliyotèk pou pitit ou, ale nan bibliyotèk epi prete liv an angle oswa nan lang matènèl/lang ou pale lakay ou.
- Toujou ale nan reyinyon paran ak pwofesè yo fè nan lekòl la.
- Pran randevou ak pwofesè pitit ou pou ou jwenn enfòmasyon sou ki jan ou kapab ede pitit ou reyisi lekòl.
- Chak jou rezève on tan pou pitit ou fè devwa li e, si posib, chèche on kote ki trankil pou l travay san distraksyon.
- Planifye pou mennen pitit ou nan mize. Mize yo gen gid ki kapab bay pitit ou enfòmasyon sou ekspozisyon yo. Anplis, mize yo konn ofri klas apre lekòl oswa nan wikenn a ba pri/oswa gratis.
- Paran fè pati entegral sistèm edikasyon Ozetazini. Mande pwofesè pitit ou ki jan ou kapab patisipe.
- Aprann konnen dwa ou. Tanpri gade [Deklarasyon Dwa Paran Eta Nouyòk pou Elèv K ap Aprann Angle](#).



## **Colorín Colorado**

Yon sit bileng pou paran ak edikatè Elèv K ap Aprann Angle. Se yon pwojè kolaborasyon ak Federasyon Pwofesè Ameriken (AFT an angle). Sit sa a gen enfòmasyon ki jan pou ansèye Elèv K ap Aprann Angle.

<http://www.colorincolorado.org/>

## **Engage NY**

EngageNY.org se yon sit Depatman Edikasyon Eta Nouyòk devlope e mentni pou sipòte aplikasyon diferan pwen kle nan ajenda komite Ridjens Eta Nouyòk “New York State Board of Regents”. Objektif EngageNY. Org se bay edikatè nan Eta Nouyòk tout zouti ak resous ki kapab sipòte yo pou yo rive atenn vizyon Eta a pou tout elèv kapab resevwa yon edikasyon ki prepare yo pou inivèsite ak karyè pwofesyonèl.

<https://www.engageny.org/>

## **National Clearinghouse for Bilingual Education: *If Your Child Learns in Two Languages* (booklet)**

[http://ncela.us/files/uploads/9/IfYourChildLearnsInTwoLangs\\_English.pdf](http://ncela.us/files/uploads/9/IfYourChildLearnsInTwoLangs_English.pdf)

## **National PTA: Parents’ Guide to Student Success**

<http://www.pta.org/parents/content.cfm?ItemNumber=2583>

## **NYC DOE: ELL Family Resources**

<http://schools.nyc.gov/Academics/ELL/FamilyResources/Activities+For+Parents.htm>

<http://schools.nyc.gov/Academics/ELL/FamilyResources/default.htm>

## **New York State Education Department Office of Bilingual Education and World Languages**

<http://www.p12.nysed.gov/biling/>

## **New York Immigration Coalition Directory of Service Providers**

[http://www.thenycic.org/sites/default/files/Low\\_Cost\\_Immigration\\_Service\\_Providers\\_Final\\_Draft\\_6.15.15\\_0.pdf](http://www.thenycic.org/sites/default/files/Low_Cost_Immigration_Service_Providers_Final_Draft_6.15.15_0.pdf)

## **PBS Kids**

<http://pbskids.org/>

## **Reading Rockets: English Language Learners**

<http://www.readingrockets.org/reading-topics/english-language-learners>

## **Teachers First: Ideas and Resources for Parents of ESL/ELL Students**

<http://www.teachersfirst.com/par-esl.cfm>

## **The Teaching of Language Arts to Limited English Proficient/ English Language Learners: Learning Standards for Native Language Arts**

<http://www.p12.nysed.gov/biling/resource/NLA.html>

## **US Department of Education**

<http://www.ed.gov/>

## **USDOE Federal Student Aid Portal**

<https://studentaid.ed.gov/sa/resources/parents>

## **USDOE Helping My Child Succeed: Toolkit for Hispanic Families (English and Spanish)**

<http://www2.ed.gov/parents/academic/involve/2006toolkit/index.html>

## **USDOE Helping Your Child Series (English and Spanish)**

<http://www2.ed.gov/parents/academic/help/hyc.html>

**Paran ki enfòmè defann pitit yo pi byen.  
Pou kesyon ak enfòmasyon sou Pwogram ELL tanpri kontakte nou nan:**

**[nysparenthotline@nyu.edu](mailto:nysparenthotline@nyu.edu)**

**(800) 469-8224**



Si nou gen kesyon, tapri ale nan sit sa a:  
Biwo Edikasyon Beleng ak Lang Mondyal (OBEWL)  
**<http://www.p12.nysed.gov/biling/>**

Prepared by the New York State Education Department, Office of Bilingual Education & World Languages  
in collaboration with CUNY-New York State Initiative on Emergent Bilinguals (NYSIEB).  
Special thanks to Dr. Carmina Makar and Dr. Dina López.